ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№228 (23.636) ● 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым



# Хэхъуэхэр нэхъыбэ зэращIыным топсэлъыхь

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2018 гъэм, 2019 - 2020 гъэхэм ятещІыхьауэ», «ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ фондым и бюджетыр 2018 гъэм, 2019 - 2020 гъэхэм ятещІыхьауэ» хабзэхэм я проектхэм щыхэплъа зэІущІэ.**

АБЫ ХЭТАЩ депутатхэр, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ-ІапІэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсыр къыщызэІуихым, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ щІыналъэ фондым, республикэм я бюджетхэр щызэхагъэувэкІэ абыхэм хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм зэрыщыхэплъэр, КъБР-м и Правительствэм и гъусэу а Іуэхум я нэІэ зэрытрагъэтыр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым жиІащ УФ-м ФинансхэмкІэ и министерствэм къызэрилъытэмкІэ, налог, мыналог хэхъуэхэр федеральнэ бюджетми, къапщтэмэ, къэралым и щІыналъэхэм я бюджетхэми, я къигъэхъуапІэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Егоровэм дыщІигъуащ республикэ бюджетым и проектыр зэрыгугъур, ауэ щыхъукІи социальнэ Іуэхухэм хуащІа гулъытэм арэзы укъызэрищІыр. Къэбгъэлъагъуэмэ, КъБР-м и бюджетым и процент 73,4-р цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным тещІыхьауэ щытынущ.

- Дыщогугъ республикэ бюджетыр зэгъэзэхуауэ къызэрыдгъэсэбэпым ди щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр къиІэтыну. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым КъБР-м и Правительствэми щІыпІэ самоуправленэм и органхэми Іэмал псори къагъэсэбэпу республикэм и хэхъуэр нэхъыбэ щІыным, щІыналъэм и зыужьыныгъэм мылъку къыхэзылъхьэнухэр къешэлІэным егугъун зэрыхуейр, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

### КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэнур

Депутатхэр зэІущІэм щедэІуащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэну хуагъэфащэм теухуауэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм игъэхьэзыра проектым.

Ар Іыхьитlу зэхагъэуващи, бжыгъэхэм щІрагъэгъункІэ хъунур зыхуэдизым тещІыхьа япэ Іыхьэр нэхъыбэу инвестицэ Іуэхухэм хуэгъэзащ. Абы и лъэныкъуэкІэ щІэгъэкъуэнышхуэ хъунущ «Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм 2025 гъэ пщІондэ зэрызаужьыну щІыкІэр» къэрал программэр, сыту жыпІэмэ 2018 гъэм и закъуэ абы проекти 7 хагъэхьэну я мурадщ. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** утыку къриха проектым и етІуанэ Іыхьэр, яхузэфІэкІыну зыщыгугъыр къыщыгъэлъэгъуар, республикэ бюджетым и проектыр щызэхагъэувэм и лъабжьэу къащтащ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2018 гъэм щІыналъэм къыщалэжьыну псори сом мелиарди 159,9-рэ и уасэ хъуну хуагъэфащэ. Министрым къызэрыхигъэщамкІэ, 2017 гъэм епплъытмэ, 2018 - 2020 гъэхэм промышленностым къыщІигъэкІым процентi 113,9-кІэ хэхъуэнущ, мэкъумэш ІэнатІэм къитынур проценти 114-рэ хъунущ, ухуэныгъэ Іуэхум пыщІа лэжьыгъэхэм - проценти 106,1-рэ, сатум - проценти 111,1-рэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

# Туристхэм ядэлэжьэну инструкторхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэсэнущ

**Бгы лыжэхэмрэ сноубордымкІэ инструкторхэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну курсхэр Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ «Эльбрус» комплексым щылэжьэнущ дыгъэгъазэм и 9 - 18-хэм.**

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭР къызэрагъэпэщ 2035 гъэм нэсыху Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэм туризмэм зыщегъэужьынымкІэ стратегиер гъэзэщІэным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм хиубыдэу.

Инструкторхэр лекцэхэм едэІуэнущ, семинархэм хэтынущ, ягъуэта щІэныгъэр мы щІыпІэм щыІэ къэжыхьыпІэхэм щагъэунэхунущ. Егъэджэныгъэм и программэр Урысейм бгы лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм къищта методикэ чэнджэщым и мардэхэм йозэгъ.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш ІэнатІэм зеужь. Абы и продукцэр нэгъабэ елъытауэ проценти 102,4-рэ мэхъу

**2017 гъэм и щІышылэ-жэпуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакІуэхэм кърахьэлІащ зекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ сом мелард 35,5-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ проценти 102,4-рэ.**

ХАДЭХЭКІЫУ тонн мин 368,1-рэ (2016 гъэм елъытауэ проценти 102,9-рэ), гъэшу тонн мин 381,8-рэ (проценти 104,2-рэ), джэдыкІэу мелуани 170,9-рэ (проценти 102,3-рэ) къалэжьащ.

ІэщІагъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, республикэм и агропромышленнэ комплексым зеужь икІи нэхъыбэж зэрыхузэфІэкІынур къегъэлъагъуэ.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

# Пушкин А. С. и цІэр зезыхьэ музейм и ІуэхущІапІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэІуахыну я мурадщ

**ГъуазджэхэмкІэ къэрал музейм, Пушкин А.С. и цІэр зезыхьэм, и унафэщІхэм я мурадщ музейм и ІуэхущІапІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэІуахыну.**

ГЪУАЗДЖЭХЭМКІЭ музейм и фондхэм халъхьащ курыт лІэщІыгъуэхэм я япэ Іыхьэм пыщІауэ къалъытэ фэеплъхэу Шэрэдж псым тращІыхьа ГЭС-хэр щауххуэм къагъуэтахэр. Абы теухуа зэхыхьэм къыщыщыпсалъэм музейм и унафэщІ Лошак Маринэ жиІащ езыр зи пашэ ІуэхущІапІэм и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэрагъэпэщынур.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

# Урысейпсо диктантыр мы гъэм щрагъэтхыну щІыпІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдитІкІэ нэхъыбэ щащІащ

**Апхуэдэу щыжаІащ Урыс географие зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм.**

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым географие диктантыр щатхащ школакІуэу, студенту, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм я лІыкІуэу цІыху щищым хуэдизым.

Жэуап нэхъыфІхэр географие диктантым и сайтым дыгъэгъазэм и 1-м кърахьэнущ.

Урысейпсо географие диктантыр Урысейм и Президент, Урыс географие зэгухьэныгъэм и попечительскэ советым и тхьэмадэ Путин Владимир и жэрдэмкІэ япэ дыдэу 2015 гъэм ятхауэ щытащ.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

● Прохладнэ щІыналъэ

# Зэкъуэтыныгъэр я гъуазэщ

**Прохладнэ щІыналъэм къыщызэрагъэпэщащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэрылъытэным, яку мамырыгъэ дэлъыным зи лэжьыгъэр тегъэщІа лагерь.**

АБЫ ЯПЭУ иригъэкІуэкІа зэхуэсым хэтащ районым ит курыт школхэм я лІыкІуэу еджакІуи 180-рэ. 3-нэ классым щыщІэдзауэ 11-нэм нэсыху къызэщІэзыубыда зэхыхьэм школ къэс цІыху 30 игъэкІуащ икІи абыхэм я дэтхэнэми игъэлъэгъуащ мамырыгъэр, зэныбжьэгъугъэр зи купщІэу щыт программэ гъэщІэгъуэнхэр. ЕджакІуэ гупхэм концерт ятащ, лъэпкъ щэнхабзэхэм теухуауэ зэпсэлъащ, зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІащ. Класс нэхъыщІэхэм щеджэ цІыкІухэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ викторинэхэм, джэгукІэ щхьэхуэхэм, къуажэхьхэм.

Ди щІыналъэм мамырыгъэр щыхъумэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт лагерым и лэжьыгъэм 2018 гъэми пищэнущ. КъызэгъэпэщакІуэхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ хэкупсэ гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин зиІэ мы Іуэхум ныбжьыщІэ нэхъыбэ дегъэхьэхыным.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Курыт пІалъэм (2017 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІынумкІэ зыщыгугъхэм я ІуэхукІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2017 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м* *Налшык къалэ*

*№195-ПП*

Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и 173-нэ статьям, «Урысей Федерацэм стратегие планхэр зэрыщызэхалъхьэм и Іуэхук Іэ» 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 35-нэ статьям, курыт пІалъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІынумкІэ зыхуэплъэхэр зэрызэхалъхьэ, зэрагъэтэмэмыж, ар зэрагъэзащІэм зэрыкІэлъыплъ хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм шыщхьэуІум и 3-м къыдигъэкІа Унафэ №140-ПП-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэщтэн мы унафэм щІыгъуххэу:

2017 гъэм и япэ мазиблым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пэублэу кърикІуахэмрэ 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм къэрикІуэну зыщыгугъхэмрэ;

Курыт пІалъэм (2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІынумкІэ зыщыгугъхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ 2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэхэм ящыщу ягъэзэщІэну къыхалъхьахэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм яхуэгъэувын 2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм къриубыдэу ягъэзэщІэну я мурад Іуэхухэр езыхэм я унафэм щІэт организацэхэм я деж нагъэсыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын зыхуэфащэ гъэхэм ятещІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щызэхилъхьэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэхэр гъэзэщІэным текІуэдэну ахъшэр хухихыну.

4. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын зыхуэфащэ муниципальнэ щІыналъэхэм я экономикэмрэ социальнэ ІэнатІэмрэ 2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм зэрызаужьыну зыщыгугъхэр Курыт пІалъэм (2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІынумкІэ зыщыгугъхэм ятещІыхьауэ зэхалъхьэну икІи езыхэм я унафэм щІэт щІыналъэхэм щыІэ хозяйствэ ІэнатІэхэм я деж лэжьыпхъэхэр нагъэсыну.

5. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий.**

Псэущхьэхэмрэ джэдкъазымрэ къеуалІэ уз зэрыцІалэ нэхъ шынагъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къимыгъэхьэнымрэ зыщемыгъэубгъунымкІэ лэжьыгъэхэр зэблэзыгъэкІ республикэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м* *Налшык къалэ*

*№205-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Псэущхьэхэмрэ джэдкъазымрэ къеуалІэ уз зэрыцІалэ нэхъ шынагъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къимыгъэхьэнымрэ зыщемыгъэубгъунымкІэ лэжьыгъэхэр зэблэзыгъэкІ республикэ комиссэм, 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №200-ПП-мкІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Республикэ комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

**Іэрэмысэ А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ВетеринариемкІэ и управленэм и унафэщІыр *(Республикэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

**Анаев М. А.** - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и ІуэхухэмкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Бырсекъуэ Р. Къ.** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Жазаев А. С.** - Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм жылагъуэ хабзэр хъумэныр къызэгъэпэщынымкІэ и къудамэм и отделенэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Молэмэт Б. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ВетеринариемкІэ и управленэм и ІэщІагъэлІ-эксперт нэхъыщхьэр *(комиссэм жэуап зыхь и секретарщ)*

**Мэш Э. М.** - «Ветеринар медицинэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІыр

**Хасауов Д. А.** - «Налшык и къэрал опытнэ щакІуэ хозяйствэ» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм щакІуэ ІуэхухэмкІэ и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Чеченов М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм псэущхьэхэмрэ ахэр щыпсэу щІыпІэхэмрэ хъумэнымкІэ, федеральнэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ, псэущхьэхэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэр зэблэгъэкІынымкІэ и департаментым и унафэщІым и къуэдзэр;

б) Республикэ комиссэм къыхэгъэкІыжын Бей А. ТІ., Белинская Н. Н., Бозиев М. В., Борэн В. В., Табыхъу А. О., СантІыкъ А. А., Щыхьмырзэ М. М., Иуан А. А. сымэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий.**

# Ди щІалэхэрщ Урысейм щынэхъ лъэщыр

**ЩэкІуэгъуэм и 25-м Воронеж къалэм щызэхэтащ Урысейм алыдж-урым бэнэкІэмрэ бэнэкІэ хуитымкІэ и абсолютнэ чемпионат. Абы щызэпэщІэтащ хьэлъэ, нэхъ хьэлъэ дыдэхэр зыхэт гупхэм щыбанэ спортсменхэр. ЯпэщІыкІэ наІуэ хъуащ щыбанэ хьэлъагъым щытекІуахэр, итІанэ я хьэлъагъ емылъытауэ ахэр зэхьэзэхуэжащ. БэнэкІэ лІэужьыгъуитІми адыгэ щІалэхэу Махуэ Билалрэ Мэхьэмэд Къантемыррэ пашэныгъэр щаубыдащ.**

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 97-м нэблагъэхэм я гупым пашэныгъэр щиубыдащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ Газзаев Батрэз. КъыкІэлъыкІуэу ар хуэзащ зи хьэлъагъыр килограмми 125-м нэблагъэхэм я гупым щытекІуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Махуэ Билал. КІэух бжыгъэр 3:1-уэ ди лъэпкъэгъур зэпэщІэтыныгъэм пашэ щыхъуащ.

Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ саугъэт нэхъыщхьэм щІэбэнащ мэзкуудэс Гришин Алексейрэ (зи хьэлъагъыр килограмми 130-м нэблагъэхэм я гупым щытекІуащ) Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мэхьэмэд Къантемыррэ (зи хьэлъагъыр килограмм 98-м нэблагъэхэм я деж пашэ щыхъуащ). И хьэрхуэрэгъур езым нэхърэ килограмм 30-м щІигъукІэ зэрынэхъ хьэлъэм щхьэкІэ къэмынэу, зэпэщІэтыныгъэм текІуэныгъэр къыщихьащ Мэхьэмэдым.

Зэхьэзэхуэм и саугъэт фондыр сом мелуани 2 хъууэ щытащ. Щыбэна гупхэм щытекІуахэм сом мин 50 иратащ. Дыжьын, жэз медалхэр къэзыхьахэм зэрызэкІэлъыкІуэу сом мин 20-рэ сом мини 10-рэ иратащ. Абсолютнэ чемпионым къыхуагъэфэщащ сом мин 500. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр зыубыдахэм сом мин 200-рэ сом мини 100-рэ иратащ. Чемпион хъуам и тренерым сом мини 100 тыгъэ хуащІащ.

2016 гъэм екІуэкІа Олимп джэгухэм и ужькІэ илъэсым щІигъукІэ утыкушхуэ къимыхьа Махуэ Билал, иджырейм и пэ къихуэу, мы гъэм и бжьыхьэр къызэрихьэрэ зэхьэзэхуищым хэтати, псоми щытекІуащ.



● Хъыбар гуапэ



Апхуэдэу ар пашэ щыхъуащ Кадыровым и кубокыр къэхьыным теухуауэ Грознэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм, Нусуевым и мемориалу Мэзкуу щызэхэтам, Владикавказ иджыблагъэ къыщызэрагъэпэща «Аланы-2017» дунейпсо зэпеуэм.

Къыхэдгъэщынщи, зи хьэлъагъыр килограмми 125-м нэблагъэхэм я гупым и финал зэІущІэм 5:1-уэ ди лъэпкъэгъум щыхигъэщІащ хэгъэрейхэм я бэнакІуэ Хугаев Алан.

«Аланы-2017» зэхьэзэхуэм иджыри зы дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мусукаев Исмэхьил. Зи хьэлъагъыр килограмм 61-м нэблагъэхэм я кІэух зэІущІэм абы щыхигъэщІащ Абакаров Залымхъан. Финал зэІущІэм кІуэным щхьэкІэ зэпэщІэтыныгъэм Мусукаевыр щытекІуащ иджырей Олимп чемпион, Куржым щыщ Хинчегашвили Владимир. БищІо Тимур (кг 74-рэ) жэз медалыр къихьащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

## НОБЭ

♦**Албаниер щхьэхуит щыхъуа махуэщ**

♦**1912 гъэм** Урысей империем и IV Къэрал Думэм лэжьэн щІидзащ.

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гупыр Жэмтхьэлэ Ипщэ щыІэ нэмыцэ гарнизоным теуащ, хэщІыныгъэшхуи иритащ.

♦**1943 гъэм** Ираным и къалащхьэ Тегеран къыщызэІуахащ къэралищым - СССР-м, США-м, Инджылызым - я унафэщІхэу Сталин Иосиф, Рузвельт Франклин, Черчилль Уинстон сымэ зыхэт конференцыр.

♦Нэмыцэ философ, марксизмэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ **Энгельс Фридрих** къызэралъхурэ илъэси 197-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, тхакІуэ, публицист, зэдзэкІакІуэ, критик **Блок Александр** къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, РАН-м и академик **Лихачёв Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, тхакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Симонов Константин** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министру, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Секретару щыта **Уэрсей Фаинэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Хормейстер, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Бицу Юрий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ артисткэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Шортэн Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, «Къэббалъкъремстрой» ОАО-м и унафэщІ **ГъуаплъащІэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик, КъБР-м и щІыхь зиІэ и юрист **ДыщэкІ Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Іэм имыщтэ кІуэдыркъым.**



# Хэхъуэхэр нэхъыбэ зэращIыным топсэлъыхь

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Инвестицэ Iуэхум 2018 гъэм къыпэкIуэнущ сом мелард 45,8-рэ (2017 гъэм еплъытмэ, процентти 108,8-рэ мэхъу), 2019 гъэм - сом мелард 52-рэ (проценти 108,9-рэ), 2020 гъэм - сом мелард 59-рэ (проценти 108,4-рэ).

Рахаев Борис щхьэхуэу тепсэлъыхьащ бюджет IэнатIэ Iутхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуэну щIыкIэм, цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэрызэрагъэпэщым, нэгъуэщIхэми. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, 2018 гъэм лэжьыгъэ IэнатIэ зимыIэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ яхуэщIынущ. Апхуэдэу цIыху мин 44,2-рэ щыIэмэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэр цIыху мин 40-м кърагъэхыфыну щогугъ.

Министрыр къытеувыIащ хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ зэрызыщIагъакъуэми «Этана» IуэхущIапIэмрэ «Гидрометаллург» заводыр Налшык къалэм зэрыдахынум теухуа проектымрэ зэрагъэзащIэми.

### КъБР-м и бюджетыр зыхуэдэнур

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2018, 2019 - 2020 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и Хабзэм и проектыр утыку кърихьащ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бещтокъуэ Жыр-Аслъэн**.

2018 гъэм республикэм и хэхъуэр сом мелард 27-рэ мелуан 347-рэ хъунущ, къигъэсэбэпыну зыхуеинур сом мелард 27-рэ мелуани 163-рэ мэхъу.

Бещтокъуэм зэрыжиIамкIэ, налог хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэригъуэтамрэ фадэ къыщIэгъэкIынымкIэ къэралым къарит акцизхэм къапэкIуэн хуеямрэ къэплъытэмэ, 2018 гъэм республикэм къилэжьыфынур проценти 7,3-рэ хъуну ращ. Налог хэхъуэхэм бюджетым кърита сом мелардi 10-рэ мелуан 920-рэ, нэгъуэщI хэхъуэхэм - сом мелуан 798,4-рэ.

2018 гъэм федеральнэ ахъшэу республикэм и бюджетым къыIэрыхьэну щогугъ сом мелард 15-рэ мелуан 628,5-рэ. Субсидиерэ субвенцэу, нэгъуэщI бюджет зэхуаку трансферту щIыналъэм къыхуаутIыпщыну хуагъэфащэ сом меларди 4-рэ мелуан 543-рэ.

Бещтокъуэ Жыр-Аслъэн упщIэ зыбжанэ иратащ фадэ къыщIэгъэкIынымкIэ къэралым къарит акцизхэм, льготэ зиIэ цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур зыIутым, телевиденэр аналогым къытекIыу бжыгъэ къэгъэлъэгъуэкIэм зэрыхуэкIуэнум, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ унэкIэ къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ.

Телевиденэм ехьэлIауэ жэуап щитым, Бещтокъуэм къыхигъэщащ 2017 гъэм лизинг ахъшэу сом мелуан 33-рэ япшыныжыну зэрытраухуар, Iэмэпсымэхэр щIагъэувэн хуэдэу пэшхэр хуэгъэхьэзырыным илъэсым и кIэ пщIондэ сом мелуан 17 зэрыхухахынур.

Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ пэш зэрыратым и гугъу щищIым, Бещтокъуэм жиIащ а Iуэхур зэфIагъэкIын щхьэкIэ псори зэхэту сом мелуан 860-рэ зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэремыкъуэ Сэфарбий** къыщыпсалъэм къытеувыIащ дызэрыт илъэсым елъытауэ республикэ бюджетым езым и хэхъуэмрэ налогым щымыщ хэхъуэхэмрэ я бжыгъэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ зэрыхъунум узэрыхигъаплъэр. Абы жиIащ фадэ къыщIэгъэкIынымкIэ къэралым къарит акцизхэм къапэкIуэн хуейуэ яубзыхуа сом меларди 2-рэ мелуани 118-р зрагъэхъулIэныр гугъу зэрыхъунур.

Мэремыкъуэм жиIащ налогхэмкIэ щIыхуэ зытелъхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэр, апхуэдэу 2017 гъэм и мазибгъум къриубыдэу сом мелард 20 зэрызэтрихьар, абы и хэкIыпIэхэм зэрегупсысыпхъэр.

КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ** къызэрыхигъэщамкIэ, республикэ бюджетым и хэхъуэхэр къыдрищIеижынущ республикэ бюджетым ягъэкIуэн хуеяуэ щIыхуэ зытелъхэм къеIыхыжынымкIэ налог IэнатIэхэм я лэжьыгъэр нэхъ жыджэру къызэрагъэпэщмэ. Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм фIэкъабылщ КъБР-м и къэрал мылъкур унеи зэращIым теухуауэ ягъэбелджылар щагъэзащIэкIэ 2018 - 2020 гъэхэм республикэ бюджетыр зыхуэдэнум тещIыхьауэ абы хэплъэн зэрыхуейр.

Налог IэнатIэмкIэ федеральнэ управленэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщI **Лытневэ Наталье** тепсэлъыхьащ щIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэмрэ 2017 гъэм налог хэхъуэхэм къапэкIуамрэ. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ 2016 гъэм нэс налогым къыпэкIуэмкIэ Урысей Федерацэм, КИФЩI-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я Iуэхур сыт хуэдами. Къапщтэмэ, илъэсиплIым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иIа налог хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуащ.

### ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и ахъшэр

ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондым и унафэщIым и къуэдзэ **Къуэжей Рустам** IуэхущIапIэм и бюджетым теухуа проектыр утыку кърихьащ. Фондым и бюджетыр 2018 гъэм сом меларди 8-рэ мелуан 306-рэ хъунущ, 2019 гъэм - сом меларди 8-рэ мелуан 604-рэ, 2020 гъэм - сом меларди 8-рэ мелуан 942-рэ.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, нэгъабэ елъытауэ, 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и тхылъыр зиIэхэм я бжыгъэр 37-кIэ нэхъ мащIэщ (псори зэхэту цIыху мин 752-рэ 486-рэ мэхъу). IэнатIэ Iутхэм я бжыгъэм хэхъуэри, мылажьэхэр цIыху мини 3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Расторгуевэ Светланэ** зэIущIэм щытепсэлъыхьащ цIыху щхьэхуэхэм пщIэншэу медицинэ хуэIухуэщIэ ягъуэтынымкIэ къэрал программэр зэрылажьэм. Медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м и Аруан, Лэскэн районхэм зэдай сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Къалэбатэ Рустамрэ** КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и аллергоцентрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Щоджэн Мадинэрэ**.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм япкъ иткIэ зэлэжьынухэр яубзыхуащ.

**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.**
*Сурэтхэр* **IЭХЪУЭБЭЧ ХьэзрэIил** *трихащ.*

# ГъащIэ гъусэ хуэхъуа IэщIагъэ

● ДифI догъэлъапIэ

**Псыгуэнсу къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапIэм илъэс куэдкIэ егъэджакIуэу щылэжьа Хьэсанэ Владимир и ныбжьыр щэкIуэгъуэ мазэм илъэс 80 ирокъу. Абы щыщу Владимир илъэс 40-кIэ егъэджакIуэу щытащ. ГъэсакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэм и гъащIэм и зэхуэдитIыр щихьа еджапIэм зэIущIэ щрагъэкIуэкIмэ, ирагъэблагъэ, пщIэ къыхуащIу.**



АБЫ зэрыжиIэмкIэ, гъащIэ гъусэ хуэхъуа IэщIагъэм зэрымыщIэкIэ хуэкIуат. Езым и мызакъуэу и щхьэгъусэри, и къуэ нэхъыжьри егъэджакIуэхэщ, уеблэмэ и къуэрылъхухэми ар я хъуэпсапIэщ.

- 1955 гъэм курыт еджапIэр къэзухащ. Бгырыс мэкъумэш институтым сыщIэтIысхьэну тезухуат, ауэ «3»-рэ «4»-рэ нэхъыщхьэ къысхуэхьатэкъыми, сыщIэхуакъым. СщIэтэкъым сызыщIэтIысхьэнур, мыращ жысIэу си гур зыми хуэгъэтIылъатэкъым. Ауэ ди благъэ щIалэ гуэр мэкъумэш техникумыр къиухауэ, агроному лажьэу, фIыуэ псэууэ гу лъыстати, абы и IэщIагъэм сехъуапсэри, сэри сыкIуащ агроному седжэн си гугъэу. Ауэ сыкъыкIэрыхуауэ къыщIэкIащ. Зоотехнологием щрагъэджэнухэр иджыри къащтэрти, уэрамым сыкъыдэмынэн папщIэ, абы сыщIэтIысхьэри, илъэси 2,6-кIэ седжащ. Ди адэр хуабжьу щIэныгъэщIэкъут, щIэныгъэншэу сыкъанэу идэнутэкъым. Езыр и зэманым юридическэ къудамэм щIэхуауэ щытащ, ауэ и Iуэху хуэмыхъуу къыщIэкIыжати, и гъащIэ псор абы хущIегъуэжу ихьащ. ИщIэрт, семыджэмэ, сэри си гур ныкъуэу сызэрыпсэунур.

ЕджапIэр къэзухри, зоотехникыу къуажэм згъэзэжащ икIи абы илъэситIкIэ срилэжьащ. Пэжыр жысIэнщи, лэжьыгъэр хьэлъэт: былымым едгъэшхын тэмэму диIэтэкъым, уз къапкърыхьэми, абы илIыкIми жэуап зыхьри зыпшынын хуейри зоотехникырат. Махуэ къэс зэIущIэрэ зэхуэсрэ ирагъэкIуэкIыу, абыхэми ущIэсын хуейуэ.

Илъэс 27-рэ сыщыхъум «отсрочкэр» иухри, армэм сыдашащ. Харьков къулыкъу щысщIэу сыщыщыIа илъэсищым «вечерняя школа» жыхуаIэм сыкIуэурэ, ехъулIэныгъэфIхэр къыщызгъэлъагъуэм, апхуэдэхэр нэхъ пасэу къаутIыпщыжырти, сэри сыкъагъэкIуэжащ. Химиемрэ биологиемрэ хьэщыкъ сащIауэ сыкъекIуэлIэжати, си унэ сыдэмыхьэжу еджапIэмкIэ сунэтIри, экзамен стауэ щытащ икIи сыщIэхуащ. «3» къыхэмыхьэу седжащ. Сэ гугъу сехьат, фIыуэ семыджэмэ, IэщIагъэ тэмэм зээмыгъэгъуэтмэ, сызэрымытыншынур быдэу сщIэрти, зыщIезгъэхакъым. ЕджапIэр къыщызухым аспирантурэр къысхуагъэлъэгъуати, сыгупсысэрт, сщIэнур сымыщIэу. А махуэ дыдэм ирихьэлIэу сыхуэзащ сыщеджа курыт еджапIэм и унафэщIым. Абы къызжиIащ биологиемкIэ егъэджакIуэ зэрамыIэр икIи къызэлъэIуащ къуажэ школым згъэзэжыну. Абдеж щыщIэздзэри, илъэс 40-кIэ сыщылэжьащ школым. КъищынэмыщIауэ, еджапIэм географ диIэтэкъым. Абы и къалэнри есхьэкIащ. Пенсэ сытIысыжын хуей щыхъум, пэжщ, егъэджакIуэщIэхэр къызэлъэIурт иджыри илъэс зытIущкIэ сылэжьэну, я Iуэхум хэгъуэзэнымкIэ садэIэпыкъуну, ауэ си узыншагъэм теухуауэ къызэхьэлъэкI хъуати, гупым сакъыхэкIащ.

Си гуапэщ езгъэджахэм сыкъацIыхужу, къызбгъэдыхьэу, сэлам гуапэ къызахыу гулъытэ къыщысхуащIым деж.

**- Дауи, илъэс 40-кIэ сабийхэм яхэта, ахэр езыгъэджа, зыгъэса нэхъыжьыфIым и чэнджэщыр уасэншэщ. Дауэ уеплърэ, Владимир, нобэрей гъэсэныгъэр уэ ущылэжьа лъэхъэнэм щыIа гъэсэкIэм сыткIэ къызэрыщхьэщыкIыр? Абы теухуауэ сыт хуэдэ гуныкъуэгъуэхэр уиIэ?**

- Сэ зэман хьэлъэм сыхалъхуащ. Зауэм зыхикъута къэралыр зэфIэзыгъэувэжари, уей-уей жезыгъэIэу щыта Совет Союзыр зэман кIэщIкIэ сабэм къыхэзыгъэкъэбзыкIыжари гугъуехьымрэ залымымрэ зыгъэва щIалэгъуалэращ. Сыт хуэдиз нэщIэбжьэ ямылъэгъуами, абыхэм я щхьэр зэтемыкIыу, я гур быдэ мыхъуу, я акъылыр жану къызэтенащ. Нобэ сабийм лейуэ уепсэлъамэ, уи макъым зебгъэIэтамэ, суд Iуэху уащIынущ. Нэгъуэщ!у дауэ сабийр къызэрыбгъэдэIуэнур?! ЦIыхур зыгуэрым щышынэн е щыукIытэн хуейщ цIыху къыхэкIын папщIэ. ФIэлIыкI зимыIэр шынагъуэщ. Аращи, езы сабийхэм жэуап къуатыжыну, къыппэпсэлъэжыну яужь йохьэ. Апхуэдэр пIэщIэкIауэ аращ. Зи щыуагъэм гу лъызымытэж, бгъэIущыныр зыхэмызагъэ куэд яхэтщ ди щIалэгъуалэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Ар къыщежьэжыр унагъуэращ, абы щигъуэт гъэсэныгъэмрэ щызыхилъхьэ хабзэмрэщ. КъищынэмыщIауэ, иджыри фIыуэ егъэджэжын хуей егъэджакIуэ куэд срихьэлIащ сэ, мис апхуэдэхэм я зэранкIи быныр уцIэпIа мэхъу. Псалъэм папщIэ, си къуэрылъху нэхъыщIэм гукъэкI иIэу, ар еджэным хэзэгъэну къысщыхъурт. «5» къихьми, щIэныгъэ хуримыкъуу гу лъыстати, урокхэр зэрекIуэкIыр, я егъэджакIуэхэр зыхуэдэр зэзгъэлъагъуну мурад сщIащ. ЩIалэ цIыкIур щеджэ курыт еджапIэм и унафэщIым хуит сыкъищIри, зы урок блэзмыгъэкIыу, тхьэмахуэкIэ сыкIэлъыплъащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сабийр еджэну хуейми, щIэныгъэ къыхущIэхынутэкъым а школым, я егъэджакIуэхэм зыри къафIэIуэхуртэкъыми. Апхуэдэу, сабийр нэхъапэм щеджа школым къыщIэтшыжри, Налшык къалэ дэт 9-нэ курыт школым щIэдгъэтIысхьащ. Абы и ужькIэ «3» къиихь хъуащ, ауэ ар абы къилэжьа оценкэт, нэрыуфIыцIу хуагъэува мыхъуу. Ауэрэ, и адэм сэрэ дыдэIэпыкъуурэ, щIикъузэжащ, иджыпсту «5» защIэу йоджэ, уеблэмэ школым мыкIуэми хъуну хуит къащIауэ, унэм дыщыдолажьэ, экзаменхэм, зыщIэтIысхьэну зытриухуа еджапIэ нэхъыщхьэм худогъэхьэзыр. Сабийр еджэркъым жыпIэу, зэи бгъэкъуаншэ хъунукъым, ар езыгъаджэхэр зыхуэдэр умыщIэу.

КъищынэмыщIауэ, егъэджакIуэм езым и Iэзагъым хигъэхъуэн, зэманым декIу щIэныгъэ бгъэдэлъын хуейщ. Адэ-анэри егъэджакIуэри сабийм къыкIэрымыкIыу, щIэныгъэу ябгъэдэлъыр абы зэрыхалъхьэным пылъу зэдэлажьэмэщ еджакIуэм ехъулIэныгъэ къыщигъэлъэгъуэнур. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу узыхуейр мы гъащIэм къыщыплъысын папщIэ, адрейхэм уакъыкIэрымыхуу, уеблэмэ уакъыхэщу упсэун папщIэ, щIэныгъэ куу ббгъэдэлъын зэрыхуейр.



**Владимир и къуэ нэхъыжь Вячеслав химие щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.** *1982 гъэ*

**- Владимир, сэ зэрысщIэмкIэ, уи щIалэ нэхъыжьыр уи лъагъуэм ирикIуэжащ - КъБКъУ-м и химие-биологие къудамэр къиухауэ абы егъэджакIуэу щолажьэ...**

- Пэжщ, Владислав университетыр мыбдеж къыщиухри, еджэным Москва аспирантурэм щыпищэжащ, химие щIэныгъэхэм я кандидатщ, илъэс 32-рэ хъуауэ иролажьэ и IэщIагъэм, аналитикэ химиемкIэ щрегъаджэ КъБКъУ-м. Си щIалэ нэхъыщIэр инженер-механикщ, ди лъапсэжьым дэсу къуажэм щопсэу, лIыжь-фызыжьыр Владислав дыщIыгъуу Налшык дыщыIэщ. Къуэрылъхуу тху сиIэщ: щIалиплIрэ зы пщащэ цIыкIурэ. Си насыпщ, си бынхэми абыхэм я быныжхэми зы махуэ сагъэукIытакъым, си щхьэр лъагэу сагъэIэта мыхъумэ.

**- Сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэбгъэзэнт нобэрей егъэджакIуэхэм, Владимир?**

- ЕгъэджакIуэм нэхъ IэщIагъэ гугъурэ жэуаплыныгъэ зыпылърэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сыту жыпIэмэ, сабийм щIэныгъэ, гъэсэныгъэ хэлъхьэнымкIэ къалэнышхуэ и пщэ къыдохуэ абы. Аращи, лэжьыгъэ уиIэн, ахъшэ кърибгэжьын къудей щхьэкIэ егъэджакIуэ ухъу хъунукъым. Уи IэщIагъэр фIыуэ плъагъуу, сабийхэм уахыхьамэ, уи гукъыдэжым зыкъиIэту, абыхэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ яхэплъхьэныр уи гъащIэм щынэхъыщхьэу къэплъытэжу дунейм утетын хуейщ. Абы щыгъуэми уэри гугъу уехьынукъым, сабийхэми лей къатехьэнукъым. Сыхуейт щIэблэм гугъу ядехь, я гъащIэр абыхэм щхьэузыхь яхуэзыщI гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм узыншагъэ быдэ яIэну, нэжэгужэу я гъащIэр ирахьэкIыну. Абыхэм къалэжь фIым и нэхъыфIыжыр, ахэращ ди сабийхэм цIыху къахэзыщIыкIыр.

**- Жьыщхьэ махуэ ухъу, Владимир. Лъэпкъым хуэблэжьам пэкIуэжын гупсэхугъуэрэ гуфIэгъуэрэ ущымыщIэу Тхьэм уигъэпсэу!**

Хьэсанэ Владимир къыщалъхуа махуэмкIэ йохъуэхъу и унагъуэр - и щхьэгъусэ Лидэ, и къуэхэу Владиславрэ Мухьэмэдрэ, и нысэхэу Анжелэрэ Заринэрэ, къуэ-рылъху цIыкIухэр. Узыншагъэ быдэ иIэну, щIэблэм я ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкIыу, я нэхъыжьыр къащхьэщытыну я гуапэщ.

*Епсэлъар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**



*1961 гъэ*



**Владимир и щхьэгъусэ Лидэ щIыгъуу.**



**Хьэсанэхэ я унагъуэр.** *1982 гъэ*

# «Вагъуэ цIыкIур» ягъэпажэ

**Шэджэм район администрацэм и унафэщI ТекIушэ Артур Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэ зытрах и «Вагъуэ цIыкIу» ансамблым и хьэщIащ.**

ХОРЕОГРАФИЕМКIЭ гуп нэхъыфIхэр хэту къызэрагъэпэща «ТекIуахэм я Кубок» II дунейпсо грант зэпеуэ зэхуэщIам бжьыпэр къызэрыщахьамкIэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ ТекIушэ Артур икIи къыхигъэщащ абыхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр цIыху куэдым я деж зэрынахьэсыфар. Апхуэдэуи район унафэщIым яжриIащ адэкIи ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну зэригуапэр.

КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iэзагъэр зыхуэдэр хьэщIэм ирагъэлъэгъуащ, «Уэркъ къафэ», «Удж хэш» къафэхэр ягъэзащIэри.

Ансамблым хэтхэр утыкум зэритыну фащэхэр къыхуащэхунущ Шэджэм район администрацэм и унафэщIым къыбгъэдэкIыу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ХореографиемкIэ гуп нэхъыфIхэр хэту къызэрагъэпэща «ТекIуахэм я Кубок» II дунейпсо грант зэпеуэ зэхуэщIар жэпуэгъуэ мазэм Сочэ къалэм щекIуэкIащ икIи абы хэтащ Урысеймрэ Европэмрэ щыщу ансамбль 50-м щIигъу. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм Нартан икIа сабий ансамблым и зэфIэкIыр лъагэу къалъытащ, къафэ теплъэгъуэхэр зэрызэхэгъэувам и гугъуагъыр, я фащэр, утыкум щагъэлъэгъуа Iэзагъэр къыхагъэщри.

Зэпеуэм къэрикIуахэр щызэхалъхьэжым, «Вагъуэ цIыкIу» ансамблыр нэхъыфIу къагъэлъэгъуащ икIи зэпеуэм и кубокымрэ дипломымрэ, лъэпкъ хабзэхэр зэрихъумэм папщIэ «Iэзагъым хуэзышэ» саугъэт хэхар къыхуагъэфэщащ, къищынэмыщIауэ, гранту сом мин 300 къратащ.

Ансамблым и художественнэ унафэщIыр КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къурашэ Эдикщ, макъамэмкIэ унафэщIыр КъБР-м и цIыхубэ артист Сэхъу Хьэсэнщ.

**КIАРЭ Элинэ.**



# АфиянхэкIхэр къытрах

● КъБР-м и МВД-м къет

**КъБР-м щыIэ МВД-м НаркотикхэмкIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм (УНК) и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкI хабзэм къемызэгъыу ирагъэкI афиянхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ къатехыным теухуа Iуэхухэр.**

«IУЩХЬЭ» Iуэхум хиубыдэу, Налшык къалэм щаубыдащ илъэс 37-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхухъур. Ар къыщащым къыкъуахащ гашиш наркотикхэкI.

Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм щыпсэу, илъэс 49-рэ зи ныбжь, суд зытращIыхьауэ щыта цIыхухъум и унэр къыщащым наркополицейхэм къагъуэтащ икIи къытрахащ марихуанэ грамм 321,6-рэ, гашиш дагъэ грамм 0,96-рэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УНК-м и лэжьакIуэхэм наркотикхэкIхэр ирирагъэкIыу шэч хуащIу Налшык къалэм щаубыдащ илъэс 30 зи ныбжь цIыхухъур. Илъэс 32-рэ зи ныбжь и ныбжьэгъум гурыIуэри, абы иригъэкIащ грамм 0,34-рэ хъу гашиш афиянхэкI.

А махуэ дыдэм наркополицейхэм яубыдащ наркотик изыгъэкI, илъэс 28-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр. Абы гъэпщкIупIэ щэхур къигъэсэбэпри, гашиш грамм 0,64-рэ иригъэкIащ.

Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм, псэупIэ унэхэм я зым республикэ УНК-м и лэжьакIуэхэм къыщагъуэтащ пкъыгъуэ фIыцIафэ зыкIуэцIылъ тхылъымпIэ шыхьа. Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар грамми 5,21-рэ хъу гашиш дагъэ наркотикхэкIщ. Унэр зейм зэрыжиIамкIэ, наркотикыр ихъу-мэрт езым къигъэсэбэпыну. А махуэ дыдэм Урыху къуажэм, илъэс 58-рэ зи ныбжь цIыхухъум и унэм, къыщагъуэтащ марихуанэ грамми 177-рэ.

КъыщIагъэщахэм ятеухуа уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Iулыдж ин зыбгъэдэлъа узэщIакIуэ 75

## Лъэпкъым и къуэ пэж

● Фэеплъ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым, лъэпкъ щIэныгъэм я зыужьыныгъэм, ехъулIэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа еджагъэшхуэхэм ящыщщ этнолог лъэщ, тхыдэдж IэкIуэлъакIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Думэн Хьэсэн Мухътар и къуэр. УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Думэным и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ зэфIэкIхэр инщ икIи купщIафIэщ. Абыхэм ягъуэтащ яхуэфащэ жылагъуэ, къэрал гулъытэ лъагэхэр. Думэн Хьэсэн хуагъэфэщауэ щытащ КъБР-м и Правительствэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Президиумым къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр.**



ДУМЭН Хьэсэн Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Каменномост къуажэм къыщалъхуащ 1942 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм. Курыт школ нэужьым ар щеджащ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетым. Студент илъэсхэр жыджэру, купщIафIэу ирихьэкIащ Хьэсэн. ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхухэм зэрыдахьэхым хуэдэу, ар я жэрдэмщIакIуэт икIи я къызэгъэпэщакIуэт жылагъуэ Iуэхухэм, студент щIалэгъуалэр Iуэхушхуэхэм къыхузэщIигъэуIуэу. Еджэныр ехъулIэныгъэкIэ зэфIихри, 1967 гъэм Думэныр ягъэкIуащ ВЛКСМ-м и обкомым школ Iуэхухэмкlэ и къудамэм и инструктору. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу ар ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым (иджы КъБГКъИ) этнографиемрэ тхыдэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу.

ЗэфIэкI лъагэхэр къыкъуэкIынкIэ узыщыгугъ хъуну гу зылъата щIалэщIэр институтым и унафэщIхэм я чэнджэщкIэ щIэтIысхьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием ЭтнографиемкIэ и институтым (иджыпсту РАН-м Этнологиемрэ антропологиемкIэ и институтщ) и аспирантурэм. Къэхутэныгъэ зэфIихахэр зэхуихьэсыжу ахэр зы лэжьыгъэ купщIафIэу щиубзыхужым, Думэным и щIэныгъэ унафэщIу щытащ кавказыдж цIэрыIуэ, ди къэралми дуней псоми къыщацIыху, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Гарданов Валентин. Аращ 1961 - 1985 гъэхэм СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием ЭтнографиемкIэ и институтым Кавказым щыпсэу лъэпкъхэмкIэ и къудамэм и пашэу щытар. А еджагъэшхуэр и унэтIакIуэу Хьэсэн 1972 гъэм ирихьэлIэу игъэхьэзырауэ щытащ и кандидат диссертацэр, «Обычное имущественное право кабардинцев (вторая половина XIX - начало XX в.)» зи фIэщыгъэр. Ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ Думэным. Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуа адыгэ щIалэм щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжащ икIи и лэжьыгъэм щыпищащ зыIута институтым, ауэ иджы щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу.

1992 гъэм Думэным утыку къырихьащ щIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щызыгъуэта и доктор диссертацэр. «Социальная структура кабардинцев в нормах адата. Первая половина XIX в.» - арат зэреджэр а щIэныгъэ лэжьыгъэ иным. Ар щигъэхьэзырым Думэным и щIэныгъэ чэнджэщэгъуу щытащ пасэрей жылагъуэ зэхэтыкIэхэм я тхыдэмкIэ IэщIагъэлI цIэрыIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Першиц Абрам. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу нэхъ лъэпкъ инхэм ящыщ адыгэхэм ди къекIуэкIыкIар, псэукIар, хабзэр, щэнхабзэхэр кууэ щызэпкърыха а лэжьыгъэшхуэхэр щигъэхьэзырым, Думэным абыхэм тхыдэмкIэ, этнографиемкIэ, IуэрыIуатэмкIэ, нэгъуэщI щIэныгъэ унэтIыныгъэхэмкIи епха къэхутэныгъэ купщIафIэхэр зэфIихащ.

ЖыпIэнурамэ, еджагъэшхуэм и къалэмыпэм къыпыкIа дэтхэнэ щIэныгъэ лэжьыгъэри гъэхьэзыра хъуащ академическэ еплъыкIэ иIэу. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, абы и щIэныгъэ лэжьыгъэхэу зи гугъу тщIыхэри, нэгъуэщIхэри. А къэхутэныгъэхэм ящыщ дэтхэнэми жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щигъуэтауэ щытащ. Ахэр ноби я гъуэгугъэлъагъуэщ къэхутэныгъэм дихьэх щIэныгъэлI куэдым. Апхуэдэ лэжьыгъэу псори зэхэту 200-м щIигъу и къалэмыпэм къыпыкIащ Думэным.

И гъащIэ купщIафIэм къриубыдэу Думэн Хьэсэн пэрытащ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ куэдым. 1993 гъэм къыщыщIэдзауэ 1997 гъэ пщIондэ ар щытащ КъБР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къэрал комитетым и пашэу. 1994 гъэм Хьэсэн пщIэ хуащIу хахащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикыу. ИужькIэ, 1996 гъэм ар хъуащ ЩIэныгъэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием и действительнэ член. Жылагъуэм къыщыхуащI апхуэдэ гулъытэ лъагэхэр Думэным къихьащ бгъэдэлъ щIэныгъэ куумкIэ, зэхэщIыкIымкIэ.

Илъэси 10-кIэ (1997 - 2007 гъэхэм) ар и унафэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым. А лъэхъэнэм институтым лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэхэр, хабзэхэр убзыхужынымкIэ, абыхэм я лъэпкъ нэщэнэхэр, щэнхабзэхэр хъумэнымкIэ, экономикэр, политикэр джынымкIэ. А къулыкъум пэрыту абы ирихьэкIащ КъБР-м и Президентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и чэнджэщэгъу IэнатIэри. НэгъуэщI къэрал, жылагъуэ къулыкъу лъагэхэри къызыхуэтыншэу зэрихьащ Думэным.

Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, Хьэсэн дапщэщи далъагъурт цIыхугъэ лъагэрэ гъэсэныгъэ екIурэ, щIэныгъэ куурэ гупсысэ шэщIарэ. Думэным бгъэдэлъа апхуэдэ зэфIэкIхэр гулъытэншэ хъуакъым. И лэжьыгъэфIым папщIэ абы къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъагэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъ лъапIэхэр. 1995 гъэм Хьэсэн къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр, 1998 гъэм ар хъуащ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат. 1999 гъэм Думэн Хьэсэн хахащ Урысей Федерацэм и этнографхэмрэ антропологхэмрэ я зэгухьэныгъэм и президенту. Абы и нэIэм щIэту къызэрагъэпэщащ икIи къызыхуэтыншэу ирагъэкIуэкIащ Этнографхэмрэ антропологхэмрэ я IV дунейпсо конгрессу 2001 гъэм Налшык щызэхашауэ щытар. 2003 гъэм Хьэсэн къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъагэр.

Илъэсих ирикъуащ а щIэныгъэлI щэджащэр къызэрытхэмытыжрэ. Псэужамэ, абы и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъунут.

**ЖЫЛАСЭ** Маритэ.

● Лэжьэгъум и псалъэ

## ЩIэныгъэлI лъэужьыфIэ

**Думэн Хьэсэнрэ сэрэ лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэскIэ дызэрыцIыхуащ (1964 гъэм къыщыщIэдзауэ). Дэ зэгъусэу университетым дыщызэдеджащ, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и аспирантурэм ди щIэныгъэм щыхэдгъэхъуащ, иужькIэ зы гуп дыхэту илъэс куэдкIэ дызэдэлэжьащ. Махуэ къэс дызэхуэзэу, дызэуэршэрылIэу щытауэ жысIэмэ, пцIы соупс, сыту жыпIэмэ сэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэм дапщэщи сыхэту сыкъекIуэкIащ, Хьэсэн абы къыдэкIуэу нэгъуэщI къулыкъу лъагэ куэдми пэрытащ: ди Правительствэм хэтащ, республикэм и Суд Нэхъыщхьэм щыIащ, ди щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу лэжьащ, н. къ. ИтIани дяку дэлъа псэ хуабагъэр, ныбжьэгъугъэ пэжыр зыми емылъытауэ быдэу щытащ, ди Iуэху еплъыкIэхэр щызэтемыхуэ щыIами.**

АПХУЭДЭ гуапагъэр хъума зэрыхъуар нэхъыбэу Хьэсэн и фIыгъэу къысщохъу. А щIэныгъэлI щыпкъэм хуащI пщIэр, шэч хэмылъу, къызыхэкIар абы бгъэдэлъа щIэныгъэ зэфIэкIышхуэрт. КъэхутакIуэ емызэшым зы махуи дигъэкIауэ къыщIэкIынкъым зы щIэныгъэ Iуэху гуэрым ехьэлIауэ къалэмыр къыщимыщта, архивым щыхэмылэжьыхьа. И IэнатIэ щыпэрыти, IуэхукIэ ежьауэ гъуэгу щытети, зыщигъэпсэхуи, сымаджэщым щыщIэлъи - дапщэщи зэман къигъуэтырт щIэныгъэм хуэлэжьэну, жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ къэхъукъащIэхэм я жэуап нэсыр къилъыхъуэу.

Къилъыхъуэм и мызакъуэу икIи къигъуэтырт дэфтэр хьэлэмэтхэр, ипэкIэ нэгъуэщI зыгуэрми наIуэ къимыщIыфахэр. Апхуэдэу, еш зымыщIэу, ерыщу зи мурадым хуэкIуэ щIэныгъэлIым ехъулIэныгъэ иIэнтэкъэ?! Илъэс куэдкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ купщIафIэхэм Думэныр хуашащ щIэныгъэм и щыгум. Иджыри и кандидат лэжьыгъэм абы къыщигъэлъэгъуэфауэ щытащ XVIII лIэщIыгъуэм Къэбэрдейм щыIа унагъуэ, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм хабзэ лъабжьэ быдэ яIауэ. Я щытыкIэкIэ ахэр хуэбгъадэ хъунут феодализмэр щытепщэ къэрал ухуэкIэм и хабзэхэм, хуитыныгъэхэм.

Думэным щIэныгъэ утыкушхуэм кърихьа апхуэдэ гупсысэхэм къанэ щымыIэу зэхакъутащ языныкъуэ еджагъэшхуэхэр ерыщу зытемыкI Iуэху еплъыкIэр. Абыхэм жаIэрт XIX лIэщIыгъуэм ику пщIондэ адыгэхэр пасэрей жылагъуэ зэхущытыкIэм итауэ, къэралыгъуэ зыхужыпIэ хъун гуэри щIыналъэм имылъауэ. Къэралыгъуэр езыр сыт, и мыхьэнэкIэ? Ар хабзэрэ хуитыныгъэ убзыхуарэ щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм яку дэлърэ, апхуэдэуи а щIыналъэр езым хуэдэ нэгъуэщI щIыпIэхэм абыхэмкIэ епха хъуфу, ядэлэжьэфу щытмэщ.

Хабзэ пыухыкIахэр зи лъабжьэ къэрал ухуэныгъэ XVII - XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм зэраIам тещIыхьауэ щытащ Думэн Хьэсэн и доктор диссертацэ иныр. ЩIэныгъэлIым и къэхутэныгъэм и мыхьэнэр лъэпкъым и дежкIэ апхуэдизу къызэрымыкIуэу инщи, абы и лъапIэныгъэр нэсу щызыхащIэн лъэхъэнэрэ ар зыхэзыщIэн щIэблэрэ иджыри къэмыунэхуауэ жыпIэ хъунущ.

Жылагъуэм къыщыхъу, цIыху щхьэхуэхэм яку къыдэхъуэ зэпэщIэувэныгъэхэр, зэхущытыкIэ ткIийхэр зэтеуIэфIэжынымкIэ, зэпIэзэрыт щIыжынымкIэ езым хуэдэу IэкIуэлъакIуэ уигъэлъыхъуэнт Думэным. А хьэлщэн дахэр псом хуэмыдэу наIуэ къэхъуащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм. Республикэр зыхуэкIуа щытыкIэ хьэлъэр, лъэпкъхэм яку къыдэхъуэ пэта зэпэщIэувэныгъэр зауэм хуэмыкIуэн папщIэ, щIэныгъэлI щыпкъэм, хэкупсэ нэсым лъэкI къигъэнакъым. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щIы Iуэхум теухуауэ яIэ зэхущытыкIэм тещIыхьауэ щыта абы и лэжьыгъэшхуэм псори и пIэ иригъэувэжащ, ущIызэдэуэни ущIызэдэуэни Iуэхум хэмылъыжу.

Апхуэдэ дыдэу жылагъуэр зэдауэм кърищащ щIэныгъэлIым, Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа Хьэшыр Чылар мыадыгэу къыщIрагъэдзыну зыгуэрхэр яужь щихьам щыгъуэ. КъыздикIари мыгурыIуэгъуэ дыдэ а гупсысэр и пIэм «ираукIыхьащ» Думэным къиугъуея, жылагъуэ утыкум кърихьа тхыдэ дэфтэр пэжхэм.

Мыпхуэдэ Iуэхухэр зэIубз щIыжыныр зыпэрыт къулыкъу лъагэм къыхуигъэув Iуэхуутэкъым Думэным къызэрилъытар, атIэ щIэныгъэлIым, хэкулIым и къалэн нэсут. ИпэкIэ сызытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм къагъэлъагъуэ Думэн Хьэсэн хуэдэ щIэныгъэлIхэр, езыхэр дунейм темытыжми, я лэжьыгъэкIэ, Iуэху зехьэкIэкIэ, гупсысэкIэкIэ жылагъуэм иджыри куэдрэ зэрахэтыр, ахэр къэкIуэну щIэблэхэм щапхъэ, унэтIакIуэ зэрахуэхъур.

Зи щхьэм и гъусэу зи цIэри ящыгъупщэж щIэныгъэлI нэпцIхэр нэгъуэщIхэм я къэхутэныгъэхэмкIэ загъэинрэ езыхэм гупсысэшхуи якъуэмылъу апхуэдэщ. Думэныр нэгъуэщIт. Абы нэгъуэщIым и гупсысэ «зыкIэщIиупщIэн» дэнэ къэна, езым къиугъуея, къихута IуэхугъуэщIэ куэд нэсу зэригъэуIуну зэман щимыIэ къэхъурт. ИтIани, аращ тхыдэм хэлъ Iуэхугъуэ куэдым я «щхьэтепхъуэр» тезыхыфар.

ЩIэныгъэлI нэсым бгъэдэлъа зэфIэкI иныр зэи кIуэдынукъым. Апхуэдэ лъагапIэхэм занщIэуи нэсакъым Хьэсэн. ЩыIащ зэман, щIалэщIэр щIэныгъэ зригъэгъуэтыным хуэнэхъуеиншэрэ хъуапсэу, арщхьэкIэ абы хунэмысу. Зи адэр зауэм хэкIуэда быным щIэгъэкъуэну къахуэнар Хьэсэнти, тхылъым япэ иригъэщын хуей хъурт унагъуэм ядэIэпыкъуныр, анэ тхьэмыщкIэм телъ бэлыхьыр дигъэпсынщIэныр. А зэман хьэлъэм зыхэна щIэныгъэр иужькIэ зригъэгъуэтыжащ Думэным, гугъуехьым щымышынэу, ерыщу и мурадым хуэкIуэу. ФIыгъуэ куэд къыхуихьащ Хьэсэн а лэжьыгъэм.

И къалэмыпэм къыпыкIа, щэ бжыгъэ зыбжанэ хъу къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм и хэлъхьэныгъэ инщ. Абыхэм я мызакъуэу, щIэныгъэлIым къыщIэнащ щIэблэ узыншэ, ныбжьэгъу куэд, гъэсэн мымащIэ. ЩIэныгъэлI лъэужьыфIэм и цIэр игъащIэкIи хэмыкIуэдыкIыжыну къыхэнащ зыхуэлэжьа лъэпкъым, хэкум я тхыдэм.

**ГЪУТ** Iэдэм,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор.*

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**



*(ИжьымкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Думэн Хьэсэн, Гугу Рашад, Иуан Пётр, Улаков Махъты.**

● ГукъэкIыжхэр

## И IэдакъэщIэкIхэр зэманым жьы дэхъуркъым

**ЩыIэщ цIыху, ухуэзэрэ уепсэлъылIамэ, гупсысэщIэхэр къыббгъэдилъхьэу, мурадыщIэхэр уигъэщIу, къаруущIэ къыпхилъхьэу. Апхуэдэхэм ящыщт Думэн Хьэсэн Мухъутар и къуэр. Сыту щIэныгъэшхуэ бгъэдэлът, сыту Iуэхугъуэ куэдым хищIыкIрэт, сытуи куэд зэфIигъэкIа ди лъэпкъ тхыдэр зэфIэувэжын папщIэ. Дапщэрэ сыхуэмызами, сымыгъэщIагъуэу слъэкIакъым абы бгъэдэлъа зэфIэкIым и инагъыр.**

ДУМЭНЫМ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр зэрахуэфащэкIэ къэлъытэныр къызыпэщылъ щIэблэм дащыщщ дэ. ЩIэныгъэлI щэджащэм ди тхыдэм ехьэлIауэ наIуэ къищIа архив дэфтэрхэм, къиугъуея нэгъуэщI хъыбархэм япкърылъ купщIэмрэ ябгъэдэлъ лъапIэныгъэмрэ нэсу зыгурыдгъэIуэн хуейщ. Абы и лэжьыгъэхэу «Обычное имущественное право кабардинцев», «Якуб Шарданов», «Территория и размещение кабардинцев и балкарцев», «Вдали от Родины» хуэдэхэр зэманым жьы дэмыхъу, зи купщIэр, мыхьэнэр нэхъ лъагэж хъу тхыгъэхэщ. Адыгэ лъэпкъыр щыIэхукIэ, абыхэм цIыхур хуеинущ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм я лъэхъэнэм, Думэныр пщIэ иIэу хэтащ «Адыгэ Хасэми» Къэбэрдей лъэпкъым и Конгрессми. Радикалхэм пхагъэкIыну хэт Iуэхугъуэхэм япэщIэувэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэкъуэтыныгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр щызыхъумэфахэми ящыщащ ар. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэ дэлъынымкIэ, цIыхухэм шыIэныгъэ яхэлъынымкIэ Думэным лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ, къэрал IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыту.

ЦIыхухэм папщIэ псэуа хэкупсэ нэсым и фэеплъ нэхур ар зыцIыхуу щытахэм куэдрэ ди гум илъынщ.

**КЪАЛЭ** Замир,
*экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

● Ныбжьэгъум и псалъэ

## Мамырыгъэм и джакIуэ

**Езыр къыщалъхуа Къармэхьэблэ къуажэм и махуэшхуэм япэу дыщызэрихьэлIат Думэн Хьэсэнрэ сэрэ. Ар нэхъ гъунэгъуу къыщысцIыхуар адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ Бахъсэн къалэм щызэхаша гуфIэгъуэ дауэдапщэхэращ. ЖыпIэнурамэ, иужьрей зэхуэзэр дэ тIум ди дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэу къыщIэкIащ, сыту жыпIэмэ аращ щIэдзапIэ хуэхъуар дяку дэлъа ныбжьэгъугъэм.**

ДУМЭН Хьэсэн хэлъ хьэл-щэнхэм фIыуэ щыгъуазэ сыщыхуэхъуауэ щытащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм. Абы щыгъуэ сэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу сыщытти, си къалэнхэм хиубыдэрт республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэ Iуэхухэм си нэIэ тезгъэтыныр икIи лэжьыгъэ IуэхукIэ куэдрэ сыхуэзэн хуей хъурт Думэным. Ди зэхуэзэ къэси сэ нэхъ кууэ къызгурыIуэрт еджагъэшхуэр сыт хуэдэ Iуэхуми щIэныгъэ лъабжьэ иIэу зэрыбгъэдыхьэр, къэрал гупсысэкIэ зэрыбгъэдэлъыр. Ар тегузэвыхьырт 90 гъэхэм ди республикэр зэрыта щIытыкIэм къишыным унафэ тэмэм темыщIыхьамэ, Iуэхум жылагъуэр бэлыхь инхэм хэзыдзэн зэщIэхъееныгъэхэр къикIынкIэ зэрыхъунум.

И Iуэху еплъыкIэр хуиту къэзыIуатэ, жиIэм щыхьэт техъуэ щапхъэ наIуэхэри къэзыхьыф цIыхут Хьэсэн. Зи гугъу сщIы лъэхъэнэм куэду щыIэт жылагъуэр зыгъэгулэз Iуэхугъуэхэр: властымрэ демократие къарухэмрэ зэрызэпэщIэувар, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зыр адрейм зыкъомкIэ хуэмыарэзыуэ къызэрыувахэр, цIыхубэм я псэукIэр тхьэмыщкIагъэм зэрыхуэкIуар, н. къ. Апхуэдэ щытыкIэм цIыхубэр къизышыфынур зи псалъэм пщIэ, фIэлIыкI иIэ цIыху щыпкъэрт. Апхуэдэхэм ящыщащ Думэн Хьэсэн. Iулыджышхуэ зиIэ щIэныгъэлIым и псалъэм щIэдэIур цIыху къызэрыгуэкIхэм я закъуэтэкъым - абы пщIэ ин къыхуищIу щытащ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий.

Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр зы псалъэкIи зы IуэхукIи зэпыуда зэрымыхъунум, ахэр иджы зэгъунэгъугъэм нэмыщI, лъыкIэ, IыхьлыгъэкIэ, благъагъэкIэ зэпха зэрыхъуам еш имыщIэу тепсэлъыхьырт Думэныр. Тхыдэдж Iэзэм, этнолог цIэрыIуэм, политик IэкIуэлъакIуэм и псалъэхэр зэхахащ мамырыгъэр зыгъэнэхъапэ дэтхэнэми.

Хьэсэн бгъэдэлъа апхуэдэ зэфIэкIхэр къэплъытэмэ, абы нэмыщI хэтыт-тIэ КъБР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къэрал комитетым и пашэу щытыфынур? А къулыкъур абы игурэ и щхьэрэ зэтелъу зэрихьащ илъэс зыбжанэкIэ.

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым сыхэту, сэ срихьэлIащ лъэпкъ зэхущытыкIэхэм епха къэралпсо зэхуэс. «Шабзэхэр щакъутэ», - жыхуаIэм хуэдэ а зэIущIэм игъуэта зэщIэплъэныгъэ гуащIэр хэпщIыкIыу ужьыхат, лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр зэрегъэфIэкIуапхъэм ехьэлIауэ цIыхуитIым абы щащIа докладым и ужькIэ. Зыр - Тэтэрстан Республикэм и лIыкIуэт, адрейр - ди Думэн Хьэсэнт. Урысей къэралыгъуэм зэгурыIуэныгъэ, зэпIэзэрытыныгъэ илъыным хущIэкъу политикхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм апхуэдэущ Думэныр ягу къызэринар - мамырыгъэм и лъапIагъыр къызыгурыIуэ, абы папщIэ куэд зылэжьыфыну цIыху акъылыфIэущ.

И хьэл-щэнкIэ быдагъэ зыхэлъ, зи псалъэм тебгъуэтэж, жиIэр пхызыгъэкIыф цIыхут Хьэсэн. Ауэ щыхъукIи, и макъ иIэтауэ е псынщIэу, зэкIэлъигъэпIащIэу и гупсысэр къиIуатэу зэи плъагъунутэкъым. Абы и дэтхэнэ псалъэри гъэхуат, купщIафIэт, зыжриIэм зэхимыхынкIэ Iэмал имыIэу бгъэдилъхьэрт. Апхуэдабзэу езыри хуэнабдзэгубдзаплъэт и псэлъэгъум, абы жиIэхэр зэхихырт, едэIуэфырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщIу щагъэувам щыгъуэ, абы бгъэдэлъ а хьэл дахэхэр куэдым нэрылъагъу тщыхъуащ. Гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ мо цIыху Iэдэбыр, зэпIэзэрытыр зэжьэхэуэныгъэ, зэгурымыIуэныгъэ лъэпкъ къыхэмыкIыу щIэныгъэлI гупым яхыхьэфащ, ар къигъэдэIуащ икIи зэман кIэщIым къриубыдэу Iуэхугъуэшхуэм къыхузэщIигъэуIуэфащ. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм и тетыгъуэм гъэбыда хъуащ институтым и мылъку-техникэ лъабжьэри.

Лэжьыгъэшхуэ гуэр зэфIимыхыу зы махуи къыхуихуакъым Хьэсэн. ИтIани абы фIэфIтэкъым и къэхутэныгъэщIэхэм, ехъулIэныгъэщIэхэм куэдрэ ятепсэлъыхьын, и щхьэ Iуэхури зэи япэ иригъэщыртэкъым. ХущIыхьэгъуэ лъэпкъ зэримыIэм хуэдэу, абы хузэфIэкIырт зэныбжьэгъухэр дызэхуишэсын, дыщигъэсын. Апхуэдэхэм деж Хьэсэнт Iуэхум и жэрдэмщIакIуэри къызэгъэпэщакIуэри. Зэныбжьэгъу гупым щыщ дэтхэнэми ди пщэрылъ къалэнхэр къэплъытэмэ, дауи, тынштэкъым зипчу зэхуэзэм укIуэну, арщхьэкIэ Хьэсэн къыдэджамэ, дэ псори дызэхуэсырт. Адыгэ Iэнэм абы щызэрихьэ лъэпкъ хабзэр удэзыхьэхт. Iуэхум абы хилъхьэ акъылымрэ IэкIуэлъакIуагъэмрэ куэд и уасэт. ЦIыху гумызагъэм дапщэщи къыхигъэщырт лъэпкъ хабзэр хъумэн, ахэр щIэблэм тыгъэ лъапIэу къахуэгъэнэн зэрыхуеймкIэ дэ, нэхъыжьхэм, жэуап зэрытхьыр. АбыкIэ езыр щапхъэ нэст.

ЗэгурыIуэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр, мамырыгъэр зыгъэнэхъапэ цIыхут Думэн Хьэсэн. Ар дунейм зэрехыжар къызэхьэлъэкIар и унагъуэм, дэ, и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм я закъуэкъым - жылагъуэм фIэкIуэдащ жыджэрагъышхуэ зыхэлъа, Iулыдж ин зиIа узэщIакIуэ.

**НЭХУЩ** Заурбий,
*УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт.*



Думэн Хьэсэнрэ Тут Заурэрэ



Тэтрокъуэ Астемыр, Адзын Мухьэмэд, ВыукI Ибрэхьим, Думэн Хьэсэн сымэ.

● Фэеплъ пшыхь





# УсакIуэ зэчиифIэт, цIыху щыпкъэт

**Къулъкъужын Ипщэ (Абзуанхьэблэ) къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м фэеплъ пшыхь гуапэ къыщызэрагъэпэщат усакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ Iэзэ Уэрэзей Афлик Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу.**



ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIат «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев МутIэлип**, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Ацкъан Руслан**, тхакIуэхэу **Бейтыгъуэн Сэфарбий**, **Мэржэхъу Мухьэмэд**, **Балъкъыз Батий** сымэ, Уэрэзейм и благъэхэр, Iыхьлыхэр, абы и ныбжьэгъухэр, и творчествэр фIыуэ зылъагъухэр, и къуажэгъухэр.

Афлик и IэдакъэщIэкI тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэ екIу къыщызэрагъэпэщат пэшым.

Бахъсэн куей администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Iэхъуэбэч Анзор** зэIущIэр къыщызэIуихым я къуажэгъум пщIэ хуащIу къахуеблэгъа псоми фIыщIэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ.



- Дэтхэнэри къызэрыпхуэцIыхунур и цIыху хэтыкIэмрэ и лэжьыгъэмкIэщ. Афлик сыт хуэдэ Iуэхуми хуэжыджэрт. Ар зи нэIуасэу щыта дэтхэнэми абы и цIыхуфIагъымрэ и цIыхугъэ инымрэ зыхащIащ. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым абы хэлъа щыпкъагъымрэ Iэдэбагъымрэ. Ар цIэ лъапIэхэр зыхуэфащэ тхакIуэт, ауэ Афлик аракъым зыхущIэкъуар, атIэ и лъэпкъыр, и къуажэр зэриIэтынырщ. Дэ абы хуэдэ цIыху ин къызэрытхэкIам ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуж. Ар дигу изымыгъэхун лъэужь дахэ къызэринэкIащ, - жиIащ Iэхъуэбэчым.



- ГушыIэ дахэ хэлъу мы дунейм зы усакIуэ тетамэ, Афлик етIуанэт, - захуигъэзащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэхуэсахэм. - Абырэ дэрэ илъэс куэдкIэ дызэдэлэжьащи, жысIэфынущ ар зэи укъэзымыгъэщIэхъуну цIыху нэсу зэрыщытар. Абы сыткIэ уелъэIуми къыпхуищIэнут. Гётте, Гейне, Шекспир сымэ, хамэ къэралхэм я нэгъуэщI тхакIуэхэм я тхыгъэ куэд адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ. А псом ищIыIужкIэ, Отаров Керим и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр псори адыгэбзэм къригъэзэгъащ. Уэрэзей Афлик блэкIа зэманым иту сытепсэлъыхьыну сыхуейкъым, ар ноби лъэпкъым диIэщ, къытхэтщ икIи къытхэтынущ. Адыгэр щыIэхукIэ Афлик щыIэнущ. Дунейм тетыж адыгэ усакIуэхэм ящыщу нэхъыфIитхум яхэзбжэрт икIи яхызобжэ ар. Гупсысэ зэщIэкъуа, бзэ шэщIа иIэт. Иджы плIыщ диIэжыр, ауэ а къэнахэм Афлик хузэфIэмыкIар Тхьэм къаригъэхъулIэ, Тхьэм куэдрэ лъэпкъым хуигъэпсэу.

Уэрэзейм и творчествэ къулейм, абы и цIыхугъэ иным, зэдзэкIакIуэ Iэзэу зэрыщытам теухуат Беппаев МутIэлип и къэпсэлъэныгъэр.



- Къулъкъужын къуажэм дэсхэми адыгэ лъэпкъыми апхуэдэ къуэ щэджащэ зэраIэмкIэ я насып къикIат. НэхъыщIэхэм щапхъэ зытрахын тхакIуэ нэс фиIэщ, - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

- Москва гъэлъэгъуэныгъэ гуэр щыIэу дыщызэрихьэлIэри, Тхьэгъэзит Зубер Уэрэзей Афлик сигъэцIыхуауэ щытащ. «Ди адыгэ поэзием къыхыхьэ щIалэщIэщ, куэдкIэ сызыщыгугъщ», - хужиIауэ щытащ Тхьэгъэзитым абы икIи, зэманым къызэригъэлъэгъуамкIэ, щыуатэкъым, - ядэгуэшащ Бейтыгъуэн Сэфарбий и гукъэкIыжхэмкIэ къызэхуэсахэм. - Апхуэдэ цIыху уи лъэпкъым къыхэкIын дэнэ къэна, уи къуажэ къыдэкIыныр насыпышхуэщ. Лъэпкъыр цIэрыIуэ зыщIыфынури и цIэр зыгъэIуфынури и тхакIуэхэращ икIи Афлик лъэпкъ щIыхьыр зыгъэин тхакIуэхэм ящыщщ.



КъыкIэлъыкIуэу псалъэ иратащ тхакIуэ Мэржэхъу Мухьэмэд.

- Сэ фIыуэ сощIэ тхакIуэ унагъуэр зищIысыр, тхакIуэм и щхьэгъусэу ущытыным пылъ гугъуехьыр зихуэдизыр. ТхакIуэ нэсыр и унагъуэм къащылъымысыжыр нэхъыбэщ, ар лъэпкъращ зейр икIи ар къыбгурыIуэу тхакIуэм убгъэдэтыныр лIыгъэшхуэщ. Апхуэдэ щIыбагъ быдэу Афлик иIащ и щхьэгъусэ Луизэ. Абы и щхьэр зэи игъэнэхъапакъым, икIи ар мыхъуатэмэ, Афлик хузэфIэкIар къехъулIэну къыщIэкIынтэкъым.



Афлик теухуа псалъэ гуапэхэр пшыхьым щыжаIащ Ацкъан Руслан, Балъкъыз Батий сымэ, нэгъуэщIхэми. Ацкъаным къызэрыхигъэщамкIэ, мыгувэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Афлик и усэ тхылъыщIэ дунейм къыщытехьэнущ.

Курыт еджапIэм и 11-нэ классым щIэс ныбжьыщIэхэр адыгэ фащэкIэ хуэпауэ Уэрэзейм и усэхэм гум хыхьэу къеджащ, къызэхуэсахэм я пащхьэ теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ ихьащ.

Адыгэбзэм и IэфIагъыр, усыгъэм къуит къарур, адыгагъэм и лъагагъыр япэу тхакIуэм щызыхищIа Къулъкъужын Ипщэ Афлик къыщыхуэзэрагъэпэща фэеплъ пшыхьыр гуапэу, гум ехуэбылIэу екIуэкIащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# КъБКъУ-м и щIэныгъэ лэжьакIуэхэр дунейпсо утыкум йохьэ

**Португалием и къалащхьэ Лиссабон иджыблагъэ щекIуэкIащ Фошыгъу узыр джынымкIэ европэпсо конгресс (EASD). А зэIущIэ иным ирагъэблэгъащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым факультет терапиемкIэ и кафедрэм и ассистент, EASD зэгухьэныгъэм хэт дохутыр-эндокринолог, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Быгуэ Ларисэ.**

● Узыншагъэ



ДИ ЛЪАХЭГЪУ дохутыр цIэрыIуэр зыхэта конгрессыр, хабзэ хъуауэ, илъэс къэс къызэрагъэпэщ 1964 гъэ лъандэрэ. Абы и утыку кърахьэ фошыгъу узым теухуа къэхутэныгъэщIэхэр, ахэр сымаджэм сэбэп зэрыхуэхъуфынури щагъэнаIуэ. Докладхэр ящI дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлIхэу клиникэхэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкIуэкIхэм. Мы гъэм екIуэкIа конгрессым кърихьэлIат апхуэдэ IэщIагъэлI пашэу мин 18-м щIигъу. Абыхэм яхэтащ Быгуэ Ларисэ.

Конгрессыр къызэIуихащ EASD-м и президент, профессор Зайрат Жулин. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ фошыгъу узым дуней псом зэрызыщиубгъуам, абы ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм. Узыфэр гъэхъужыным, ар сымаджэм щыгъэпсынщIэным хуэщIа клиникэ хэхахэм я бжыгъэм зэрыхэхъуари къыхигъэщащ Жулин.

АдэкIэ дохутырхэр гуп-гупу секцэхэм щылэжьащ. Абыхэм ящIащ доклад гъэщIэгъуэнхэр. ИужькIэ дэтхэнэ къэпсэлъэныгъэри зэпкърахащ, и купщIэр къагъэлъагъуэу. Конгрессым гулъытэшхуэ щигъуэтащ фошыгъу узым къыдэкIуэ гипогликемием (лъым хэт глюкозэр нэхъ мащIэ зэрыхъум). Апхуэдэу тепсэлъыхьащ лъым хэт глюкозэр зыхуэдизыр къызэрупщ хъуну медицинэ IэмэпсымэщIэхэм.

- Фошыгъу узыр ди лIэщIыгъуэм цIыхухэм нэхъыбэу къеуалIэхэм ящыщщ. Ар къоуз цIыху мелуан 200-м щIигъум. Узыфэм зэрызиубгъум димыгъэпIейтейуэ къанэркъым эндокринологхэр, - жеIэ Быгуэм. - КъБКъУ-м и унафэщIхэм фIыщIэ ин яхузощI, фошыгъу узыфэм пэщIэтынымкIэ хэкIыпIэщIэхэр щаубзыхуа дунейпсо конгрессым сыхэтыну Iэмал зэрызгъуэтам папщIэ. Абы щызэхэсхамрэ щыслъэгъуамрэ ди щIыпIэм къызэрыщыдгъэсэбэпыным селIэлIэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Аруан щIыналъэ

# ЩIымахуэм хуэхьэзырщ

**Аруан щIыналъэм щогугъу цIыхур зэфэну псымкIэ къызэгъэпэщыным.**

ЖЫЛАГЪУЭХЭМ псы къабзэр яIэрыгъэхьэнымрэ къагъэсэбэпа псыр къыдэшыжынымрэ IуэхущIапIэу 11 толажьэ. 2017 гъэм дызэрытехьэрэ абыхэм яхузэфIэкIащ псы кубометр мин 300-м нэблагъэ къагъэсэбэпыну. Абы щыщу кубометр мин 200-м нэс псы къабзэу цIыхухэм хуаутIыпщащ. Абы хуозэ сом мелуан 40-м щIигъу.

Бюджет IуэхущIапIэхэм мы гъэм псы кубометр мини 135-м нэс Iэрагъэхьащ - сом мелуани 3-м нэблагъэ и уасэ.

Псы уасэр и чэзум тыным жылагъуэдэсхэри жэуаплыныгъэ яхэлъу бгъэдыхьэ зэрыхъуар нэрылъагъуу, ар процент 90-м ятащ. Абы и фIыгъэкIэ псы зэхуэхьэсыпIэхэм, жапIэхэм, псыр зрикIуэ бжьамийхэм иращIылIэ лэжьыгъэхэри дунейр щIыIэ къэмыхъу щIыкIэ зэфIахащ. Апхуэдэу псы къыщIэшыпIэу 8-м счётчикхэр трагъэуващ, псы жапIэу километри 4,5-рэ зэрагъэпэщыжащ, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэр къадэIэпыкъури, псы къыщIэшыпIэхэм насоси 5 трагъэуващ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



Шокъум Ахьмэд.

# Шокъум Ахьмэдрэ ЗакIуий Азэмэтрэ я текIуэныгъэ

● БэнэкIэ хуит

**Дагъыстэным хыхьэ Хасавюрт къалэм щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 20-м нэмысахэм бэнэкIэ хуитымкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа бэнакIуэ 200-м щIигъу.**

ДИ ЩIАЛЭХЭМ зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм къыщыпэлъэщын къыхэкIакъым Нарткъалэ щыщ Шокъум Ахьмэд. И хьэрхуэрэгъу псори хигъащIэри, ар финалым нэсащ. Абы къыщыпэщIэуват хэгъэрейхэм ящыщ Алиболатов Сайпула. ЩIалэхэр ерыщу зэныкъуэкъуащ, арщхьэкIэ Ахьмэд нэхъ лъэщу къыщIэкIащ икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Шокъумыр и ныбжькIэ щIалэми зэфIэкI лъагэ къэзыгъэлъэгъуащ. Мызэ-мытIэу зэхьэзэхуэ инхэм ар щытекIуащ икIи «спортым и мастер» цIэр къыфIащащ. Абы бэнэкIэм зыхуэгъэсэн щыщIидзащ Нарткъалэ и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым, тренер Хьэмдэхъу Тимур и нэIэм щIэту. Иджыпсту Адыгейм и щIыхьыр ехъумэ. И тренерхэу Тембот Анатолэрэ Къырзадэ Хьэсэнрэ Ахьмэд куэдкIэ щогугъ икIи къэралым и бэнакIуэ нэхъ лъэщхэм мыгувэу яхыхьэну хуагъэфащэ.

ЩIэх-щIэхыурэ дызыгъэгуфIэхэм ящыщщ ЗакIуий Азэмэти. Килограмм 92-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абыи дыщэ медалыр Хасавюрт къыщихьащ, кIэух зэIущIэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ Сотиев Аслъэнбэч щыхигъащIэри.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**



ЗакIуий Азэмэт.

Жылагъуэ лэжьакIуэ, Налшык къалэ дэт «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и унафэщI **IутIыж Мэжид** дыхуогузавэ абы и анэ **Донду Омар и пхъур (Къэрабэхэ ящыщщ)** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

***Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэр, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономиер.***

# «Джэгурэшым» и зи чэзу зэпеуэр

**ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкI, къэщIэрейхэмрэ гушыIэрейхэмрэ я «Джэгурэш» нэгузыужь зэпеуэм и 4-нэ зэхыхьэр Курортхэм щэнхабзэмкIэ я уардэ унэм иджыблагъэ щызэхэтащ.**

ЯПЭ джэгугъуэм щызэныкъуэкъуащ Ботэщей къуажэм щыщ «Ботэщей бзэрабзэ» (зыгъэхьэзырар Тэрчыкъуэ Заретэщ), Къуэнхьэблэ къикIа «Къуэнхьэблэ вагъуэхэр» (зыгъэхьэзырар Багъ Светланэщ), Шэджэм и «Къундетей» (зыгъэхьэзырар КIэдыкIуей Неллэрэ Ахъуэхъу Мариерэщ) гупхэр.

КъэпщытакIуэхэу кърагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ Хьэвжокъуэ Людмилэ, Адыгэбзэ Хасэм и Хасащхьэм хэт, хьэрычэтыщIэ Шыкъ Гупсэ, Дэбагъуэ Барэсбий и цIэр зэрихьэу Шэджэм къалэ дэт 1-нэ курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Къардэн Олеся, Псыншокъуэ дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Ахъмэт Рустам, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ ХьэхъупащIэ ФатIимэ, Лашынкъей дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Къуэныкъуей Рае сымэ.

«Мы интернетыр щымыIамэ», арат мы джэгугъуэм фIэщыгъэу иIар. Абы и хъуреягъым къыщекIуэкIым гушыIэ защIэкIэ пэшым щIэсхэм гу лърагъэтэн хуейуэ арат джэгуакIуэхэм пщэрылъу яIари, щIэщыгъуэу, гъэщIэгъуэну, узыIэпишэу утыкум итахэщ.

Зэпеуэр Iыхьищу гуэшауэ щытащ. Япэ Iыхьэм зэреджэр «Интернетым напэкIуэцI къыщызэIусхащ» жиIэу арат. Мыбдеж цIыкIухэм къэпщытакIуэ гупым гушыIэ хэлъу зыкърагъэцIыхун, джэгугъуэм фIэщыгъэ хуэхъуа жыпхъэми имыкIыу ар ягъэзэщIэн хуейт.

ЕтIуанэ Iыхьэм фIащат «ОпIааа, класс (лайк) схуагъэуващ» жиIэу. Я гушыIэкIэри къагъэлъагъуэу, нэхъ зыкъызэкъуахыу еджакIуэхэм зыкъыщагъэлъагъуэ Iыхьэт мыр.

Ещанэ Iыхьэм - «Ди интернетыр паупщIащ» жыхуиIэм - макъамэрэ пшыналъэ защIэкIэ дэтхэнэ гупми я гушыIэ зэфIэкIыр щагъэлъэгъуэн хуейуэ арат.

КъэпщытакIуэ гупым къилъытэхэм ящыщт еджакIуэхэм я утыку къихьэкIэр, икIыжыкIэр, къалъыс зэманым къриубыдэу темэр зэрызэпкърахыр, я бзэм и къулеягъыр, псалъэжьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, усэ пычыгъуэхэр, псалъэ шэрыуэхэр теплъэгъуэхэм зэрыхаухуэнар, къагъэсэбэп макъамэмрэ абы щIалъхьа псалъэмрэ джэгу-зэпеуэм и темэм, езыхэм я ныбжьым зэрыхуэкIуэр, зэрагъэзащIэм и Iэзагъыр, нэгъуэщI куэди.

Ипэрей джэгугъуэхэми хуэдэу, мы пщыхьэщхьэри гъэнщIауэ щытащ гушыIэ дахэкIэ. Гуп къэскIэ, кърипцIыхуу, фащэ дахэ дыдэхэр ящыгът. Гур хигъахъуэрэ джэгуакIуэ цIыкIухэр трагъэгушхуэу цIыху куэди къекIуэлIат. КъыжыIапхъэщ, гуп къэс гукъинэж щIэхъун теплъэгъуэхэр, зыми хэмыгъуащэ я гушыIэкIэхэр зэраIар. ДжэгукIэм къигъэлъэгъуащ дэтхэнэ я зы псалъэми лъабжьэ зэриIэр, абыхэм къызыдэкIа къуажэм, жылэм яжь къащIихуауэ зэрыщытыр.

ЦIыкIухэм уахэдэныр гугъут, апхуэдэу щытми, къэпщытакIуэ гупым ялъэгъуари зэхахари зэпалъытыжри, япэ увыпIэр иратащ «Къуэнхьэблэ вагъуэхэр» гупым, етIуанэр хуагъэфэщащ «Къундетей» гупым, ещанэр лъагъэсащ «Ботэщей бзэрабзэ» гупым.

Зэпеуэм хэта еджакIуэхэри, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэри Адыгэбзэ Хасэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат зэIущIэр щызэхуищIыжым къыхигъэщащ сабийхэм я бзэр, утыку итыкIар, я зыIыгъыкIар игу зэрырихьар, адэкIи IуэхуфIхэр зэдащIэну, зэдэлэжьыну зэращыгугъыр яжриIащ, я къару емыблэжу а цIыкIухэр зыгъэхьэзыра, ядэлэжьа егъэджакIуэхэми, я бынхэм я утыку итыкIэм кIэлъыплъыну къекIуэлIа адэ-анэхэми фIыщIэ яхуищIащ.

Нэгузыужь пшыхьыр ягъэдэхащ ХьэхъупащIэ Заур зи унафэщI «Дыгъэ шыр» ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупымрэ пшынауэ IэкIуэлъакIуэ Жыгун Эдикрэ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**


**Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1504